

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Padépokan Kuru Sétra mangrupa salah sahiji padépokan seni anu ngahiji jeung Pasantrén Al-Istiqomah di Désa Sirnaresmi Kacamatan Gunung Guruh Kabupatén Sukabumi. Dipingpin ku KH. M. Royanuddin AS. Ieu padépokan téh minangka hiji wadah pikeun silaturahmi atawa ngumpulna padépokan-padépokan séjén anu aya di Sukabumi. Di padépokan Kuru Sétra loba kagiatan kabudayaan anu sok dipilampah saperti, “Galura Muharam” (miéling tanggal 1 Muharam), “Rajah Sarakan” (ngarajah tempat pikeun méré hormat ka karuhun), “Rebo Wekasan” (Rebo panungtung di bulan Safar pikeun nolak balai), “Raga Sukma” (méditasi), Ngabungbang Raga jeung Rasa (méré katingtriman sarta ngaraketkeun diri ka Gusti Allah). Tina sawatara tradisi nu disebutkeun anu dipedar dina ieu skripsi nya éta ngeunaan “Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa” atawa disingget TNgRR (satuluyna ieu singgetan dipaké dina ieu pedaran).

Nurutkeun *Kamus Basa Sunda* R.A. Danadibrata kecap ngabungbang raga jeung rasa diwangun ku tilu kecap nya éta “ngabungbang”, “raga”, jeung “rasa”. Kecap ngabungbang miboga harti “nyileuk” di tengah peuting sabari ngadon mandi di tujuh pamandian nu dianggap karamat, dilaksanakeunna waktu caang bulan nembrak dina tanggal 14 Komariah, biasana di bulan Mulud. Kecap “raga” ngandung harti jiwa, pikiran atawa nyawa. Sedengkeun kecap “rasa” miboga harti panetepan hadé-goréngna atawa ngeunah henteuna (Danadibrata, 2009, kc.13&566-567).

Tina tilu harti éta bisa dicindekkeun, yén ngabungbang raga jeung rasa mangrupa hiji tradisi anu dipilampah dina waktu caang bulan nembrak di bulan anu diagungkeun, saperti bulan Mulud pikeun ningtrimkeun pikir jeung jiwa. Harti di luhur saluyu jeung naon anu nyangkaruk dina TNgRR nya éta pikeun ningtrimkeun pikir jeung jiwa. Ieu tradisi rutin dilakukeun ku para santri di Padepokan Kuru Setra Pasantrén Istiqomah waktu nincak bulan Mulud. Padepokan Kuru Sétra di Pasantrén Istiqomah mangrupa pusat (sentral) atawa

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

indungna padepokan. Ku kituna, sanajan tradisi ieu ukur aya di Padépokan Kuru Sétra, tapi masarakat séjén anu lain santri di dinya ogé sok ilubiung dina ieu tradisi.

Tradisi nya éta kabiasaan atawa adat-istiadat sarta kapercayaan anu aya di masarakat. Hal anu ngadadasaran dina tradisi nya éta ayana informasi anu diteruskeun ti generasi ka generasi boh tinulis boh lisan. Tradisi mangrupa hasil tina kabudayaan nu diciptakeun ku manusa ngaliwatan ide jeung pamikiran-pamikiran nu tan wates. Ku sabab éta, unggal wewengkon pasti miboga tradisi anu béda-béda dumasar karageman dina kapercayaan anggota masarakatna, sarta gumantung kana naon anu baheula di wariskeun ti karuhunna sewang-sewangan.

Tradisi mangrupa bagian tina kabudayaan. Dina kabudayaan aya tujuh unsur anu nyangkaruk dijeron. Salah sahiji unsurna nya éta unsur religi. Unsur religi éta aya patalina jeung TNgRR di Padépokan Kuru Sétra, kusabab TNgRR ngandung hiji ritual anu aya pakaitna jeung sistem kapercayaan urang Sunda. Dina hiji ritual geus tangtu ngandung kéndahan atawa sok disebut éstétika. Kecap éstétika éta sorangan asalna tina basa Yunani nya éta, *αισθητική* dibaca aisthetike. Kecap Estetika mimiti digunakeun ku saurang filsuf nya éta Alexander Gottlieb Baumgarten dina taun 1750, pikeun ngungkarakeun wangenan élmu anu bisa dirarasakeun ngaliwatan rasa. Estetika minangka élmu pangaweruh nu nyoko kana kamampuh indrawi jeung cita rasa nu maluruh sagala rupa kaéndahan ngawengku paripolah manusa, pangalaman estetis manusa, jeung ajén inajén étetis dina hiji objék (*id.m.wikipedia.org/wiki/estetika, diaksés November 2015*)

Kaéndahan-kaéndahan dina éta kagiatan anu geus dipaluruh patali jeung kaéndahan tradisi. Tradisi anu kiwari loba nu teu pikanyaho malah mah teu dipikaresep ku budak ngora. Ku sabab kaéndahan tradisi kagantikeun ku kaéndahan modern nu geus tangtu béda. Ku bébédana éta, kaéndahan modern dianggap leuwih dipaliré jeung dipikaresep ku barudak ngora. Maranéhna miboga anggapan yén sanajan kaéndahan tradisi kaasup kana éstétika ogé, maranéhna teu ngarasa jadi hebat waktu ngalakukeunna. Tapi lamun éta éstétika dihubungkeun jeung éstétika modern, maranéhna ngarasa hebat jeung gaul waktu migawéna. Barudak ngora ayeuna leuwih milih ngariung di *kafe* atawa ngagosip nu teu

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA  
DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

paruguh tibatan ilu biung kana riungan-riungan anu aya patalina jeung ritual. Hal ieu béda pisan kaayaan jeung santri di Padépokan Kuru Sétra. Di dieu mah para santrina masih kénéh sok ngalaksanakeun naon anu jadi tradisi di Tatar Sunda, saperti dina unggal bulan Mulud sakabéh santri sok ngalaksanakeun TNgRR, tuluy masarakat sabudeureun padépokan ogé sok ilubiung dina éta tradisi.

Ku ayana kamekaran téhnologi éta, tétéla mangaruhan kana pola laku lampah manusa. Ku kituna, perlu aya tarékah pikeun ngajaga, ngariksa, jeung ngamumulé éta tradisi. Salah sahiji tarékah nu bisa dilakukeun nya éta ngaliwatan pembelajaran di sakola. Dumasar kana Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD) Basa Sunda taun 2013 di SMA kelas XII diajarkeun perkara maca. Macanya éta salah sahiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis.

Panalungtikan ngeunaan tradisi katut sakabéh hal unak-anikna geus réa ditalungtik ku lembaga-lembaga atawa mahasiswa nu miboga minat nalungtik budaya. Ieu aya sababaraha judul skripsi hasil panalungtikan ngeunaan ajén éstétika saperti, “Ajén-ajén Éstétika dina kasenian sisinaan di Kabupatén Subang” (Eka Purwati taun 2011), “Ajén Éstétis dina Kasenia Penca Silat Cakar Kembang Kencana di kampung Nyingkir Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca SMA kelas VII” (Tiya Komalasari taun 2013), “Ajén Éstétika dina Kabudayaan Hajat Laut di Palabuhanratu Kabupaten Sukabumi pikeun salah sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca di SMA” (Mona Monica), “Ajén Éstétika dina Kasenian Lodaya Winduraja di Yayasan Étnik Winduraja Kecamatan Kawali pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA kelas XII” (Reni Anggraeni taun 2014), “Ajén Éstétika dina Upacara Rebo Wekasan nu diayakeun ku Padépokan Kuru Sétra Kecamatan Gunung Guruh Kabupaten Sukabumi” (Mela Eka taun 2014).

Sanggeus ditataan sawatara judul panalungtikan nu nalungtik ngeunaan ajén éstétika dina tradisi, tétéla TNgRR can kungsi aya nu ngaguar. Ku kituna ieu panalungtikan anu dijudulan “Ajén Éstétika dina Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa di Padépokan Kuru Sétra Desa Sirnaresmi Kecamatan Gunung Guruh Kabupaten Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya kelas XII di

Dita Anggia Dewi, 2016

**AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

SMA” perlu dilaksanakeun, tur dianggap penting pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Naon kasang tukang ayana TNgRR?
- 2) Kumaha prak-prakanna TNgRR?
- 3) Ajén éstétika naon anu nyangkaruk dina TNgRR?
- 4) Kumaha larapna TNgRR pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho Ajén Éstétika dina Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa di Padépokan Kuru Sétra Désa Sirnaresmi Kacamatan Gunung Guruh Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel kelas XII di SMA.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun:

- 1) kasang tukang lumangsungna TNgRR;
- 2) prak-prakanna tradisi TNgRR;
- 3) ajén éstétika dina TNgRR;
- 4) larapna TNgRR pikeun bahan pangajarana maca artikel budaya kelas XII di SMA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

- 1) Panalungtikan ieu miboga mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan TNgRR.

Dita Anggia Dewi, 2016

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salah sahiji sumber pikeun bahan pangajaran di sakola.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun masarakat sangkan ulah mopohokeun kana kabudayaan nu aya di Jawa Barat, hususna nu aya di Kabupatén Sukabumi.
- 2) Pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan salaku alat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan, hususna TNgRR di Padépokan Kuru Sétra.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika penulisan dina nyusun skripsi, diantarana:

- 1) bab I: bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan;
- 2) bab II: tatapakan téori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir;
- 3) bab III: métode panalungtikan medar ngeunaan désain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data jeung analisis data;
- 4) bab IV: ngadéskripsikeun data jeung pedaran tina hasil panalungtikan (pembahasan);
- 5) bab V: kacindekan jeung saran.